

RESOUS

MARCH OF DIMES

[https://www.marchofdimes.org/complications/neonatal-abstinence-syndrome-\(nas\).aspx](https://www.marchofdimes.org/complications/neonatal-abstinence-syndrome-(nas).aspx)

ENSTITI NASYONAL SOU ABI DWÒG

<https://www.drugabuse.gov/related-topics/trends>

LOKALIZATÈ ETABLISMAN TRETMAN ABI SIBSTANS

<http://findtreatment.samhsa.gov/>

SÈVIS EDIKASYON TRETMAN ESPESYALIZE AK PREVANSYON

<https://www.flsteps.org>

Rele plan sante Medicaid ou pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ofri pou ede w sispann itilize alkòl oswa lòt dwòg.

Si ou gen enkyetid sou transpò oswa lòt pwoblèm ki gen rapò ak jwen swen nan men doktè w, tanpri kontakte plan sante Medicaid ou. Si ou pa enskri nan yon plan oswa ou pa konnen ki plan sante Medicaid ou genyen, tanpri kontakte Liy Asistans nou an nan:

1-877-254-1055

oswa vizite

www.ahca.myflorida.com/Medicaid



AJANS POU ADMINISTRASYON
SWEN SANTE

2727 Mahan Drive
Tallahassee, FL 32308
www.ahca.myflorida.com

V.052020

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

Sante Bebe w Depann sou Ou:

Aprann plis sou Sendwòm
Abstinans Neyonatal (NAS)





SENDWÒM ABSTINANS NEYONATAL

SE YON GWOUPE PWOBLEM KI FÈT LÈ
TI BEBE W LA EKSPoze A DWÒG OSWA
ALKÒL PANDAN KE YO NAN VANT OU.
PALE AK DOKTÈ W SOU TOUT DWÒG W
AP PRAN, ENKLI GRENN PRESKRIPSYON,
POU PWOTEJE TI BEBE W LA KONT NAS.

DAPRE ENSTITI NASYONAL SOU ABI DWOG LA:

- Chak 25 minit yon ti bebe fèt k ap soufri de retrè dwòg
- Longè an mwayèn sejou nan yon lopital pou NAS se apeprè 17 jou
- Kòz NAS ki pi komen yo se:
 - Ewoyin
 - Kodeyin
 - Oksikodòn
 - Mòfin
 - Alkòl

Tout medikaman ka afekte ti bebe w la, menm sa ke doktè w preskri w yo. Pale ak doktè w sou pi bon fason pou w kenbe ti bebe w pwoteje kont NAS.

KÈK SIY AVÈTISMAN POU W CHACHE NAN TI BEBE OU

- Kò tranble (latranblad)
- Dyare
- Kriye Twòp
- Lafyè
- Kriz
- Pwoblèm Dòm
- Swe
- Vomisman

Sa pa enkli tout siy avètisman yo.

Li enpòtan pou w vizite doktè a regilyèman pandan gwosès ou pou swen woutin ak tretman ki nesèsè. Diskite nenpòt enkyetid avèk doktè ou.



TRETMAN

Ti bebe ak siy avètisman yo ka bezwen medikaman epi yo ka bezwen rete nan lopital la pou pi lontan pase nòmal.

PREVANSYON

Diskite tout medikaman, dwòg, alkòl ak tabak ke w itilize avèk doktè ou. Si w ansent epi w ap itilize nenpòt sibstans ki ka lakòz NAS, doktè w la ap deside ki sibstans ou ka sispann itilize san danje. Gen kèk medikaman ki pa dwe sispann san sipèvizyon medikal, oswa li ka lakòz domaj.

SEVIS PRENATAL OU KA RESEVWA ATRAVÈ MEDICAID

- Tès depistaj risk prenatal
- 10 vizit pou swen prenatal woutin
- Jiska 4 vizit adisyonèl pou yon gwosès ki gen anpil risk
- Pwodwi, Medikaman, Tretman
- Kowòdinasyon ak Start Healthy ak lòt resous kominotè

Tanpri kontakte plan sante Medicaid ou pou plis enfòmasyon sou sèvis prenatal.